



## Instruksyon Pòtay Familyal

Paran yo/gadòr yo ak elèv yo nan klas 1-12 nan Lekòl Piblik Wicomico County kapab itilize Pòtay Familyal la de 15 Septanm jouk rive nan fen ane eskolè a pou yo wè done demografik, pwogrè akademik, yo kapab wè prezans, orè devwa ak grad yo.

Nap bay paran/gadòr yon ID Koneksyon ak yon modpas inik. Nap bay chak elèv yon ID Koneksyon ak yon modpas. Pou konvenyans ou, nou baou yon metòd ke ou kapab itilize pou ou genyen aksè. Silvouplè note, Pòtay Familyal la pral aktiv e disponib pou paran yo/gadòr yo ak elèv yo, komanse 15 Septanm. Silvouplè, kontakte lekòl pititi ou si oubezwen asistans avèk id koneksyon ak modpas ou.

**Tout modpas de ane avan yo te reinisyalize. Paran yo ak elèv ap jwenn anba a, infòmasyon pou yo konekte nan pòtay la.**

### **Pou Paran yo/Gadòr yo:**

*ID Koneksyon* - siyati elèv la (lèt miniskil, karaktè espesyal pa kite espas **pa dwe depase 14 karaktè**) + premye inisyal nan prenon elèv la + 4 dènye nimero de ssn li.

*Modpas:* Nimero lunch 5 chif elèv yo. Sa se tanporè; paran yo pral chwazi yon nouvo modpas premye fwa yo konekte.

**Ekzanp:** Elèv John A. Smith -Jones ki gen yon nimero sosyal sekirite xxx-xx-1234. Nimero lunch John se 23456. Id Koneksyon an se smithjonesj1234 e modpas tanporè a se 23456.

### **Pou Elèv yo:**

*ID Koneksyon-siyati elèv yo* (lèt miniskil karaktè espesyal, pa kite espas **pa dwe depase 14 karaktè**) + premye lèt nan prenon elèv la + 5 dènye chif nan id lokal elèv la.

Nimero ID (ekri sou orè ak kanè elèv yo).

*Modpas:: 5 chif nimero lunch elèv la.* Sa se tanporè; elèv la pral chwazi yon nouvo modpas premye fwa lap konekte.

**Ekzanp:** Elèv John A. Smith-Jones ki gen yon Nimero ID lokal Elèv 110098765 ak nimero lunch 23456. Id Koneksyon an se smithjonesj98765 e modpas tanporè a se 23456.

### **Koman pou aksede system nan?**

Ou kapab itilize nenpòt odinatè ki konekte ak entènèt, lap pèmèt ou aksede sistèm nan nenpòt kote-lakay ak biwo ou.

1. Louvri navigatè a pou konekte ak entènèt la.
2. Ale nan <https://x2.wcboe.org/x2sis> oubyen ale nan [www.wcboe.org](http://www.wcboe.org) e klike sou Pòtay Familyal/ Family Portal
3. Antre ID Koneksyon ou ak Modpas ou.
4. Premye fwa ouap konekte, yo pral mandew pou chanje modpas ou. Apresa, Paj dakèy ou pral afishe.